

Urwaruka rw'I Murwi ruriko ruriteza imbere biciye muri cooperative yabo iteye igomwe!



I Murwi, urwaruka rwatoye iya mbere mw'iterambere rusangi ry'igihugu. Nyuma y'amahera 400.000 vy'amarundi, yavuye muyo umwe umwe wese yatanze avuye mu rwaruka rushika 30, harimwo abakobwa 13, barashizeho cooperative y'urwaruka rumaze kwinjira mw'iterambere, mu mwaka wa 2023. Ha ruhande y'uwo mutahe, umugambi wabo wateye imbere biciye mu bikorwa vyo kwitanga hamwe n'imbonakazozo bahurijeko. Muri Munyonyo 2024, barashizeho ikigo co kwororeramwo inkoko ubu kigeze ku ntambwe ishimishije. Uwo mugambi urafitiye urwo rwaruka icizere c'intererano iboneka mu bworozi bw'inkoko ndetse no mu mikoro y'imiryango yabo.

Koperative y'urwaruka rumaze kwinjira mw'iterambere yarashoboye guhindura inguvu zayo mw'iterambere. Bivanye n'ihangiro bihaye, abanywanyi bayo batanguye bafise uburyo bubayabaye. Ku banywanyi 5, umwe wese yatanze 20 000 vy'amarundi aca aba 100 000. Mu nyuma, abanywanyi 25 batanze 12 000 umwe wese, haba hongerejweko 300 000 vy'amarundi. Yose hamwe yari umutahe w'amafaranga 400 000 vy'amarundi. Muri uwo mutahe, koperative yaratanguye umugambi wo kurima isoya n'ibigori. Kubera ubuvugizi bagize, komeye yarabatije umurima. Umwimbu wabaye uwushimishije ubugururira n'iyindi miryango myinshi.

Mu mwaka wa 2024, baritabiriye akamo k'aho umugambi w'Igihugu uherekereza urwaruka(PAEEJ), wahamagarira ihiganwa ry'imigambi, y'urwaruka aho bo bagiye bafise umugambi w'ihangiro rikomeye cane: kwugurura ikigo c'iyororero ry'inkoko. Uwo mugambi waragize amahirwe uratorwa muyo ikigo PAEEJ kizoshigikira mu buryo bw'amafaranga, maze baronka 23 000 000 y'amafaranga y'amarundi. Ugitangura mu 2024, uwo mugambi watangujwe n'imiswi igera ku 200. Abanywanyi ba koperative bakorera hamwe batarinze kurondera abakozi. Biturutse ku gufatwa mu mugongo mu buryo bw'amafaranga, barashoboye kugura imiti hamwe n'ibiryo bikwiye kugira bashobore kuzitwararika bihagije. Uburyo bwavuye muvuye bimbuye mw'isoya hamwe n'ibigori nabwo nyene baciye babushira mu bworozi bw'izo nkoko.

Iyo miswi ikiriko irakura irerekana intambwe ishimishije y'uko imbere ari heza. Gushira hamwe n'ukwiyeze v'umwe umwe mu bagize koperative nivyo rufunguruzo rw'iterambere ryabo.

Kuronka ubufasha.....

Oya, nta bisabwa bigoye bihari. Nk'akarorero, ibisabwa kugira komine itange umurima utijwe ni ubwa mbere na mbere: kugira koperative ikwiye ibisabwa n'amategeko: kuba yanditswe, ifise inimeru ndangamudandaza NIF, be n'igitabo ndangamudandaza. Hanyuma hisunzwe umugambi wo kurima utegekaniye, bisabwa kwandika ikete ryo gusaba umurima wo gukoresha, mu kwemeza no mu kwerekana umugambi washizweho wo gushira mu ngiro. «*Nta bintu birebire bisabwa. Kimwe gusa, turazi ko gutegura inama ya bose hamwe n'inama y'urwego nshingwabikorwa be n'iy'urwego rw'igenzura, ari igikorwa ngombwa dutegerezwa kwubahiriza*», bivugwa n'umwe mu banywanyi b'ugwego nshingwabikorwa rwa koperative.

Ku ma koperative asanzwe azwi n'amategeko, kuja mw'ihiganwa ry'imigambi y'ikigo PAEEJ ni inzira yoroshe. Bisabwa gusa kwandika umugambi ufise akabirya mu gukurikiza ivyo basavye. Hanyuma haba hasigaye kwiandikisha no kurindira intambwe zo gucagura. Ni akaryo keza gakwiye kudapfishwa ubusa.

Imbonakazozo twiteze ko kazozo keza!

Mu mezi adashika abiri gusa, haritezwe uguta amagi kwa mbere kw'izo nkoko zorowe, vyerekana intambwe ishimishije ku benegihugu. Azoba ari intererano ku benegihugu ku kuronka uko bashikira imfungurwa zikwiye ibisabwa kandi ku rugero rwuzuzanya ndetse no kwisununura ku butunzi bw'imiryango. Inyama n'amagi bizoribwa kandi bigurishwe. Vyongeye, umwavu w'inkoko n'umwe mu myavu myiza cane kama.

Urwaruka rw'I Murwi ruyobowe n'ingabire zabo ndetse no kudacika intege, barerekana ko indoto zishobora kuvamwo mwo ukuri. Kw'igenekerezo rya 5 Ruhuma umwaka wa 2025, Thierry Ndayisaba arongoye koperative yaravuze ko kazozo keza k'urwo rwaruka kitezwe mu misi iri mbere.

Umunywanyi wese wa koperative azoronswe inkoko 5 zo kwororera muhira iwe hama agurishwe amagi kuri koperative, nayo, izoca igurisha ku bantu bari muri ako karere. Ubu irigi rimwe rigurwa hagati y'amafaranga 1200 n'1500 y'amarundi i Murwi.

Abenegihugu n'indongozi barashima iyo ntambwe.

Ico gikorwa categerezwa kubera akarorero izindi koperative n'ababaherekeza. Inyigisho zikuru zikuru zo gukura muri ako karorero:

1. Birahambaye cane kuguma ku ntunganyo ya koperative ikorera mu muco: kugira kenshi gashoboka amanama nkuko biteguwe, gushiraho kuva mu ntango ibikoresho vyo gukurikirana ivyo muri koperative no kuvyuzuzura imisi yose, ivyo bishobora no gufasha gukwega kwega aboza gufata mu mugongo koperative.
2. Abanywanyi bategerezwa kwama biteguriye gushiramwo inguvu zabo zose, rimwe na rimwe batiteze impembo, na cane cane mu ntango. Ibikorwa biragoye kandi bisaba kwitanga, ariko hariho ikiguzi co kuriha kugira haboneke umwimbu uvyerekana. Ukwo kwitanga kuri bose ni ngombwa kugira ibibazo bihari bitorerwe inyishu habeho iterambere.
3. Guherekeza ama koperative mu gukora ibisabo vy'ubufasha kuvyerekeye uburyo no gushikira ku zindi ntererano nk'amatongo ya Reta.
4. Gutera intege ironderwa ry'ibintu bishasha n'ubudasa kugira ingorane zigabanuke n'ivyinjira bigwire.

Ibindi vyiikumviro vyo gukomeza ama koperative

- Inyigisho zibandanya: gutegura inama zerekeye ishira mu ngiro ryiza ry'ibikorwa, itunganywa neza ry'ubutunzi n'ukudandaza.
- Ugukorana n'ayandi ma koperative: gukorera hamwe n'ayandi mashirahamwe mu kiringo kirekire.
- Gukabura abenegihugu kugira abasaba ivyo kugura bari mu karere babe benshi.